ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ АТЫНАН
# Ҳ Ү К И М

2021-жыл 13-декабрь күни, жынаят ислери бойынша Қоңырат районы суды имаратында, ашық суд мәжилисинде, жынаят ислери бойынша Қоңырат районы судының судьясы Е.Бердиевтиң басшылығында, судья жәрдемшиси Қ.Мамытовтың хаткерлигинде, мәмлекетлик айыплаўшы Қоңырат районы прокуроры жәрдемшиси Б.Исмайлов, жәбирлениўши [redacted] ҳәм судланыўшы [redacted] қатнасында, дәслепки тергеў органы тәрепинен Өзбекстан Республикасы Жынаят кодексиниң 169-статьясы 3-бөлими "а" бәнти менен айыпланған [redacted] қарсысына болған 1-2304-2102/115 (тергеў 352151/2021-59BJ)-санлы жынаят исин көрип шықты.

[redacted]) - 1982-жыл 1-май күни Шымбай районында туўылған, Өзбекстан Республикасы пуқарасы, миллети қарақалпақ, мағлыўматы орта, семьясынан ажырасқан, алдын: 1) ЖИБ Шоманай районы судының 31.03.2008-жылғы ҳүкими менен ӨзР ЖКниң 164-статьясы 4-бөлими "а" бәнти, 169-статьясы 2-бөлими "в" бәнти, 227-статьясы 2-бөлими "а" бәнти менен айыплы деп табылып, ЖКниң 59-статьясы тәртибинде 17 жыл еркинен айырыў жазасына судланған, 30.11.2007-жылғы амнистия актине тийкар жаза мүддети ¼ бөлимине қысқартылып, улыўма өтеў ушын 12 жыл 9 ай 1 күн қалдырылған, а) Қарақалпақстан Республикасы ЖИБ суды апелляция инстанциясының 25.06.2009-жылғы уйғарыўына тийкар ЖИБ Шоманай районы судының 31.03.2008-жылғы ҳүкимине өзгерис киргизилип, ӨзР ЖКниң 169-статьясы 2-бөлими "в" бәнти шығарылып жаза мүддети 16 жылға келтирилген, 30.11.2007-жылғы амнистия актине тийкар жаза мүддети ¼ бөлимине қысқартылып, улыўма өтеў ушын 12 жыл 1 күн қалдырылған, б) ЖИБ Қоңырат район судының 15.01.2013-жылғы уйғарыўы бойынша 05.01.2013-жылғы амнистия актине тикар ¼ бөлимине қысқартылып жәми өтеў ушын 10 жыл 3 ай қалдырылған, в) ЖИБ Қоңырат районы судының 28.01.2013-жылғы уйғарыўы менен ЖКниң 74-статьясына тийкар еркинен айырыў жазасының өтелмеген 5 жыл 1 ай мүддети сол мүддетке дүзетиў иси жазасына алмастырылған, г) ЖИБ Қоңырат районы судының 28.01.2014-жылғы уйғарыўы бойынша 12.12.2013-жылғы амнистия актине тийкар жаза мүддети ¼ болегине қысқартылып, улыўма өтеў ушын 3 жыл 6 ай 6 күн қалдырылған, д) ЖИБ Қоңырат районы судының 18.12.2014-жылғы уйғарыўы бойынша 14.11.2014-

Хужжат имзоланган: Бердиев Ерполат Туремуратович, 05.01.2022

жылғы амнистия актине тийкар ¼ бөлимине қысқартылып жами өтеў ушын 2 жыл 1 ай 15 күн қалдырылған, е) ЖИБ Қоңырат район судының 04.06.2015-жылғы уйғарыўы менен өтелмеген 1 жыл 7 ай 11 күн дүзетиў иси жазасы ӨзР ЖКниң 73-статьясына тийкар мүддетинен алдын шәртли азат етилген; 2) ЖИБ Қоңырат районы судының 2020-жыл 4-март күнги ҳүкими менен ӨзР ЖКниң 226-статьясы 1-бөлими, 166-статьясы 2-бөлими "в" бәнти, 169-статьясы 2-бөлими "в" бәнти менен айыплы деп табылып, ЖКниң 59-статьясы 2-бөлими менен 4 жыл мүддетке еркинен айырыў жазасы тайынланып, жазаны қатты тәртипли колонияларда өтеў белгиленген. а) ЖИБ Қонырат район судының 07.12.2020-жылғы уйғарыўына тийкар өтелмеген 2 жыл 11 ай 17 күнин өтеў ушын мәнзил колониясына өткерилген. б) ЖИБ Қоңырат район судының 01.04.2021-жылғы уйғарыўына тийкар еркинен айырыў жазасының өтелмеген 2 жыл 7 ай 22 күн мүддети сол мүддетке ҳәр айлық ис ҳақысының 20 пайыз муғдарын мәмлекет пайдасына өткериў жолы менен дүзетиў иси жазасына алмастырылған, в) ЖИБ Қоңырат район судының 18.08.2021-жылғы уйғарыўы бойынша дүзетиў иси жазасының өтелмеген 2 жыл 6 ай 27 күни ЖКниң 46-статьясы 4-бөлимине тийкар сол мүддетке еркинен айырыў жазасына алмастырылған, Қоңырат районы, [redacted] көшеси, [redacted] жайда жасаған, 2021-жыл 7-октябрь күни, саат 22:30 да Өзбекстан Республикасы ЖПКниң 221-статьясы тәртибинде иркиуге алынған, 2021-жыл 8-октябрь күни бас шарасы сыпатында "қамаққа алыў" қолланылған, айыплаў жуўмақ көширмесин нызамлы мүддетинде алған.

Суд, суд мәжилисинде судланыўшы, жәбирлениўши ҳәм гүўалардың көрсетиўлерин, мәмлекетлик айыплаўшының пикирлерин тыңлап, судланыўшының қорғаў ҳәм ақырғы сөзин еситип, жынаят иси ҳүжжетлерин үйренип шығып, исте топланған дәлиллерге баҳа берип, төмендегилерди

А Н Ы Қ Л А Д Ы:

Судланыўшы [redacted] алдын урлық жынаятын ислегенлиги себепли жынаят жууапкершилигине тартылып, жаза өтеп атырғанлығынан тийисли жуўмақ шығармастан, қәўипли рецидивист болған ҳалда 2021-жыл 12-август күни, саат 18:30 лар шамасында, Қоңырат районы, Дийхан базары алды тәрепинде жайласқан азық-аўқат дүканы алдына, әтирапта хеш ким жоқлығынан пайдаланып, дүканның алды тәрепинде турған пуқара [redacted] тийисли, орташа базар баҳасы 500.000 сўм болған «Урал» маркалы велосипедин, велосипедке ...етке орап салынған, баҳасы 250.000 сўмлық "Iclipper" маркалы шаш



Хужжат имзоланган: Бердиев Ерполат Туремуратович, 05.01.2022
1-2304-2102/115

алатуғын машинкасын ҳәмде жәми баҳасы 217.000 сўмлық үскенелери ҳәм азық-аўқат затларын затларын урлап, яғный жасырын түрде талан-тараж қылып, ўақыя орнынан жасырынап, пуқара [redacted] жәми 967.000 сўм муғдарында материаллық зыян жеткерген.

[redacted] өзиниң жоқарыдағы жынайый ҳәрекетлери менен Өзбекстан Республикасы ЖКниң 169-статьясы 3-бөлими "а" бәнтинде нәзерде тутылған жынаятты қастан ислеген.

Судланыўшы [redacted] суд мәжилисинде өзине қойылған айыпты толық мойынлап, 2021-жыл 12-август күни үйине бөлеси [redacted] келип, айлық алғанлығын айтып, арақ ишиўди усыныс еткенлигин, ол разы болып, екеўи бирге [redacted] МПЖдағы автомашиналарға май қуйыў шақапшасының қасындағы дүканға барып, еки шийша арақ алып, сол жердеги асфальттан өтип усы еки шийше арақты ишкенлигин, кейин екеўи базарға барып, сол жердеги сомсаханадан бир шийша арақ алып ишкенлигин, кейин [redacted] екеўи вино ишпекши болып, "Баха кола"ның дүканына келгенлигин, [redacted] вино алыў ушын дүканның ишине кирип кеткен ўақытта ол сыртта турған велосипедти урлап алып кеткенлигин, кейин дүканнан узағыраққа барып турғанлығын, [redacted] дүканнан шыққанынан кейин оны шақырып алып, бирге велосипедке мингесип орайлық базардың арқа тәрепиндеги жаптың бойына барғанлығын, сол жерде велосипедти сатпақшы болғанлығын, бирақ ҳеш ким сатып алмағанлығын, кейин [redacted] екеўи велосипедти мингесип Гагарин тәрепте дүканнан пиво алып ишкенлигин, кейин велосипед жүрмей қалғанлығы себепли велосипедти жетеклеп үйине қайтқанлығын, велосипедти қорасының ишине қойып, үйинде дем алғанлығын, ертеңине ИИБ жынаят қыдырыў хызметкерлери велосипед бойынша сорағанлығын, ол велосипедти өзи урлағанлығын, велосипед үйинде турғанлығын айтып бергенлигин, велосипедди урлаў ушын [redacted] пенен алдыннан келиспегенлигин, [redacted] буннан хабары жоқлығын велосипедти урлағанлығын ҳәм сатпақшы екенлигин [redacted] кейин айтканлығын, [redacted] қатты мәс ҳалда болғанлығын, ол велосипедти урлап алған ўақытта велосипедтиң рулине байлаўлы ақ қалтада затлар бар екенлигин, затларды жолда таслап кеткенлигин, велосипед рулине оралған қара пакетти көрмегенлигин, оның қай жерде түсип қалғанлығын билмейтуғынлығын, қылмысынан пушайманлығын билдирип, көрсетиў берди.

Жәбирлениўши [redacted] суд мәжилисинде 2021-жыл 12-август күни саат 18:20 лар шамасында велосипедте киятырып, үйине керек затларды алыў ушын Қоңырат районы Орайлық базарының сыртында жайласқан дүканға киргенлигин, велосипедти дукәнның дийўалына сүйеп кеткенлигин, 20 минутлардан кейин дүканнан шыққан ўақытта велосипеди жоқ екенлигин көргенлигин, кейин дүканға орнатылған видеокамерадан велосипедин бийтаныс бир пуқара урлап кеткенлигин,



Хужжат имзоланган: Бердиев Ерполат Туремуратович, 05.01.2022

1-2304-2102/115

екинши пуқара дүкәнда оны бақлап турғанлығын көргенлигин, кейин ол ҳалат бойынша 102 номерине қоңыраў еткенлигин, кейин ИИБ хызметкерлери келип, ўакыя бойынша сорап, арадан бир-еки күн өткеннен кейин велосипеди таўылғанлығы ҳаққында хабарлағанлығын, ол ИИБ хызметкерлери менен бирге велосипедти көрип, өзиниң велосипедин танығанлығын, ол сол күни велосипединиң рулине бир пакеттиң ишине базар баҳасы 250.000 сўмлық 1 дана қара реңли “Iclipper” маркалы шаш алатуғын машинкасы, ҳәр бири 40.000 сўмлық 3 дана қайшылары, базар баҳасы 3.000 сўмлық 2 дана тарақ, базар бахасы 35.000 сўмлық 1 дана пәки, базар бахасы 40.000 сўмлық 1 дана финовар (шаш алғанда үстине жаўып қоятын), 16.000 сўмға сатып алынған 1 дана қаўын ҳәм 1 дана ғарбыз, жәми 467.000 сўмлық затлар бар болғанлығын, усы затлары табылмағанлығын, өзине келтирилген усы материаллық зыянларды өндирип бериўди сорайтуғынлығын билдирип, көрсетиў берди.

Гүўа [redacted] суд мәжилисинде Қоңырат районы ИИБ жынаят кыдырыў бөлиминде ислейтуғынлығын, 2021-жыл 12-август күни өзине тийисли велосипедин белгисиз шахслар урлап кеткенлиги ҳаққында пуқара [redacted] арзасы бойынша өткерилген қыдырыў ислери барысында [redacted] велосипеди [redacted] урлағанлығы анықланып, қалыслар қатнасында велосипед Қоңырат районы [redacted] МПЖ муйўалы бағ көшеси 32-жайда жайласқан пуқара Б.Ешимбетовтың үйинен табылғанлығын билдирип, көрсетиў берди.

Гүўа [redacted] суд мәжилисинде 2021-жыл 12-август күни саат 09:00 лер шамасында, Қоңырат районы [redacted] МПЖда жасаўшы бөлеси [redacted] үйине барғанлығын, кейин екеўи бирге [redacted] МПЖдағы автомашиналарға май қуйыў шақапшасының қасындағы дүканға барып, еки шийша арақ алып, сол жердеги асфальттан өтип усы еки шийше арақты ишкенлигин, кейин екеўи базарға барып, сол жердеги сомсаханадан бир шийша арақ алып ишкенлигин, кейин олар екеўи вино ишпекши болып, “Баха кола”ның дүканына келгенлигин, ол дүкәнға кирип кеткенлигин, сыртқа шыққанында [redacted] жоқ екенлигин көрип, [redacted] излеп үйи тәрепке қарай кетип баратырған ўақытта [redacted] оны шақырып алғанлығын, [redacted] бир қара реңли велосипед услап турғанлығын, [redacted] оған бул велосипедти сатып пулына арақ ишемиз дегенлигин, ол жүдә қатты мәслиги себепли уақыяларды толық еслей алмайтуғынлығын билдирип, көрсетиў берди.

Судланыўшы [redacted] айыбы оның өзиниң, жәбирлениўши [redacted] ҳәм гүўалардың суд мәжилисиндеги берген көрсетиўлери менен, сондай-ақ ис бойынша топланған басқада дәлиллер жыйындысы, яғный:

- Қоңырат районы ИИБ баслығы [redacted] атына 17.08.2021 ı берилген мәлимлеме менен (истиң 3 бети);



Хужжат имзоланган: Бердиев Ерполат Туремуратович, 05.01.2022

- Қоңырат районы ИИБ баслығы [redacted] атына пуқара [redacted] велосипедин белгисиз шахслар урлап кеткенлиги ҳаққында 13.08.2021 жыл берген арзасы менен (истиң 4 бети);

- ўақыя орнын көзден кешириў баянламасы ҳәм оған қосымша етилген схема ҳәм фото сүўретлери менен (истиң 5-8 бетлери);

- урланған затлардың баҳасы бойынша Қоңырат районы “Қоңырат Саўда комплекси” ЖШЖ тәрепинен 19.08.2021-жыл берилген анықлама менен (истиң 16 бети);

- көрсетиўлерди ўақыя орнында көзден өткериў баянламасы ҳәм оған қосымша етилген фото сүўретлери менен (истиң 36-42 бетлери);

- нәрсени көзден өткериў баянламасы менен (истиң 60 бети);

- [redacted] ҳәм [redacted] арасында жүзлестириў өткериў баянламасы менен (истиң 62-64 бетлери);

- затты танып алыў баянламасы ҳәм оған қосымша етилген фото сүўретлери менен (истиң 66-68 бетлери);

- дәслепки тергеў дәўиринде топланған басқада дәлиллер менен толық тастыйықланады.

Суд, судланыўшы [redacted] айыбын тастыйықлаўшы исте топланған дәлиллердиң суд мәжилисинде өз тастыйығын тапқанлығы себепли, оларды исенимли дәлиллер деп табады ҳәм судланыўшының “қәўипли рецидивист тәрепинен исленген урлық, яғный өзгнниң мүлкин жасырын рәўиште талан-тараж қылған”лықтағы жынайый ҳәрекетлери Өзбекстан Республикасы ЖКниң 169-статьясы 3-бөлими “а” бәнти менен дурыс квалификация етилген деп есаплайды.

Өзбекстан Республикасы Олий суды Пленумының 2006-жыл 3-февраль күнги “Судлар тәрепинен жынаят ушын жаза тайынлаў әмелияты ҳаққында”ғы Қарарының 1-бәнтинде судлардың итибары жынаят ушын жаза тайынлаўда нызамлылық, инсаныйлық, әдиллик ҳәм жуўапкершиликтиң болмай қалмаўы принциплерине қатаң әмел етиўге қаратылыўы, 3-бәнтинде болса Жынаят кодексиниң 8, 54-статьялары мазмунына көре, жаза әдалатлы болыўы – ҳәр бир ҳалатта индивидуал тайынланыўы, жынаяттың қәсийети ҳәм жәмийетлик қәўиплилик дәрежесине, айыпкердиң шахсына, сондай-ақ жазаны жеңиллестириўши ҳәм аўырластырыўшы ҳалатларына муўапық болыўы кереклиги көрсетилген.

Суд, судланыўшы [redacted] жаза тайынлағанда жоқарыда көрсетилген нызам талапларын басшылыққа алып, оның айыбына ықрарлығын, қылмысынан пушайманлығын, келтирилген зыянның муғдары аз екенлигин ҳәм қысман қапланғанлығын жазаны жеңиллестириўши ҳалатлар деп, айыбын аўырластырыўшы ҳалатлар жоқ деп есаплап, оған ЖКниң 57-статьясын колланып, усы статья санкциясында көрсетилген ең төмен жазаданда төменирек муғдарда еркинен айырыў жазасын тайынлаўды лазым тапты.

Хужжат имзоланган: Бердиев Ерполат Туремуратович, 05.01.2022

Суд, соның менен бирге жәбирлениўши [redacted] келтирилген 967.000 сўм зыянлардың 500.000 сўмы қапланғанлығын итибарға алыўды, судланыўшы [redacted] 467.000 сўм зыянларды жәбирлениўши [redacted] пайдасына өндириўди, судланыўшы [redacted] қолланылған «қамаққа алыў» бас шарасын өзгериссиз қалдырыўды лазым тапты.

Суд, айғақлы зат сыпатында иске қосылған [redacted] адвокат жәрдеминен бас тартқанлығы түсирилген 1 дана DVD дискти ис пенен қосып сақлаўды, бақасы 500.000 сўмлық «Урал» маркалы велосипедтиң нызамлы ийеси [redacted] қайтарылғанлығын итибарға алыўды лазым тапты.

Суд, жәбирлениўши [redacted] келтирилген басқа да зыянларды өндириў жүзесинен пуқаралық ислери бойынша судка мүрәжәт етиў ҳуқықы барлығын түсиндириўди лазым тапты.

Өзбекстан Республикасы Жынаят-процессуал кодексиниң 454-457, 463, 465-468, 471-473-статьяларына әмел қылып, суд

ҲҮКИМ ЕТТИ:

Судланыўшы [redacted]) Өзбекстан Республикасы Жынаят кодексиниң 169-статьясы 3-бөлими “а” бәнтинде нәзерде тутылған жынаятты ислегенликте айыплы деп табылсын.

Судланыўшы [redacted] Өзбекстан Республикасы ЖКниң 169-статьясы 3-бөлими “а” бәнти менен, ЖКниң 57-статьясын қолланып, 3 (үш) жыл мүддетке еркинен айырыў жазасы тайынлансын.

Судланыўшы [redacted] усы ҳүким менен тайынланған жазаға ЖКниң 60-статьясы тәртибинде ЖИБ Қоңырат районы судының 04.03.2020-жыл ҳүкими менен ӨзР ЖКниң 226-статьясы 1-бөлими, 166-статьясы 2-бөлими “в” бәнти, 169-статьясы 2-бөлими “в” бәнти менен, ЖКниң 59-статьясы тәртибинде 4 жыл мүддетке еркинен айырыў жазасы тайынланып, ЖИБ Қоңырат район судының 01.04.2021-жылғы уйғарыўына тийкар жазаның өтелмеген 2 жыл 7 ай 22 күни ис ҳақысының 20 % мәмлекет пайдасына өткериў жолы менен дүзетиў иси жазасына алмастырылып, ЖИБ Қоңырат район судының 18.08.2021-жылғы уйғарыўы бойынша, ЖКниң 46-статьясы 4-бөлимине тийкар еркинен айырыў жазасына алмастырылған 2 жыл 6 ай 27 күнин қысман қосыў жолы менен, үзил-кесил 3 (үш) жыл 6 (алты) ай мүддетке еркинен айырыў жазасы тайынлансын.

Азатлықтан айырыў жазасын қатты тәртипли колонияларда өтеў белгиленсин.

Тайынланған еркинен айырыў жазасын өтеў мүддети 2021-жыл 7-октябрь күнинен баслап есаплансын.

Хужжат имзоланган: Бердиев Ерполат Туремуратович, 05.01.2022



1-2304-2102/115

Судланыўшы [redacted] 18.08.2021-жылдан 07.10.2021-жыл аралығында қамақта болған дәўири ЖКниң 62-статьясы тәртибинде тайынланған жазадан шегирилсин.

Судланыўшы [redacted] қолланылған “қамаққа алыў” бас шарасы өзгериссиз калдырылсын.

Айғақлы зат сыпатында иске қосылған [redacted] адвокат жәрдеминен бас тартқанлығы түсирилген 1 дана DVD диск ис пенен қосып сақлансын.

Айғақлы зат сыпатында иске қосылған, баҳасы 500.000 сўмлық «Урал» маркалы велосипедтиң нызамлы ийеси [redacted] қайтарылғанлығы ҳәмде жәбирлениўши [redacted] келтирилген 967.000 сўм зыянлардың 500.000 сўмы қапланғанлығы итибарға алынсын.

Жынаят нәтийжесинде жәбирлениўши [redacted] келтирилген 467.000 сўм зыянлар судланыўшы [redacted] жәбирлениўши [redacted] пайдасына өндирилсин.

Жәбирлениўши [redacted] келтирилген баска да зыянларды өндириў жүзесинен пуқаралық ислери бойынша судка мүрәжәт етиў ҳуқықы барлығы түсиндирилсин.

Ҳүкимнен наразы тәреплер ҳүким жәрия етилген күннен баслап жигирма сутка ишинде, судланыўшы ҳәм жәбирлениўши ҳүким көширмесин алған күннен баслап сол мүддет ишинде усы суд арқалы Қарақалпақстан Республикасы судының жынаят ислери бойынша судлаў коллегиясына апелляция тәртибинде шағым етиўи, прокурор протест билдириўи мүмкин.

Басшылық етиўши: Е.Бердиев

Хужжат имзоланган: Бердиев Ерполат Туремуратович, 05.01.2022